

## PREPARASYON ENTESTEN POU KOLONOSKOPI

### **NON PASYAN AN:**

### **DAT NESANS PASYAN AN:**

### **PWOFESYONÈL SWEN SANTE A:**

### **DAT PWOSEDI A:**

**LÈ PWOSEDI A:** N ap fè tout moun konnen lè w rive nan sant lan nan apremidi anvan jou pwozedi ou a.

### **KOTE PWOSEDI AN AP FÈT LA:**

Tanpri ale nan sèvis anrejistremant an nan moman w rive a

**Pou kesyon sou pwogramasyon oswa zafè medikal oswa preparasyon yo, tanpri rele nan 239-343-6290**

**Pou kesyon sou faktirasyon yo rele: 239-343-5516**

### **MEDIKAMAN POU CHAK JOU YO:**

Si w ap pran medikaman pou tansyon ki monte oswa pou kriz, medikaman pou pwoblèm respirasyon, oswa medikaman pou tiwoyid, ou dwe pran medikaman esansyèl ou yo jan yo preskri w yo nan jou pwozedi a ak yon ti gòje dlo.

**PA pran NSAIDS (Ibuprofen, Advil, Motrin, oswa Aleve ki pote non Naproxen tou).**

**Antikowagilan: suiv enstriksyon doktè ki ba w preskripsyon an. Nou kapab bezwen jwenn pèmisyon doktè ki ba w preskripsyon a.**

**Nan lide pou fè yon kolonoskopi konplè, li enpòtan pou kolon w (gwo entesten w) byen netwaye epi tou li dwe vid. Yon netwayaj ki pa fin byen fèt kapab kache timè ki konn prezan sa ki pral lakòz pwozedi a pa bay bon rezilta epi sa kapab menm lakòz yo anile oswa refè pwozedi a.**

### **5 A 7 JOU ANVAN PWOSEDI OU A:**

- Si w ap pran fè, sispann pran l pandan 7 jou anvan pwozedi a.
- Si nan moman an w ap pran antikowagilan oswa w al wè doktè kè regilyèman, asire w doktè w la konnen sa a paske nou kapab bezwen otorizasyon doktè kè w la anvan pwozedi a.
- Achte medikaman preskripsyon oswa medikaman san preskripsyon yo pou preparasyon pwozedi ou a.

### **TANPRI ÒGANIZE W POU JWENN YON GRANMOUN RESPONSAB KI PRAL KONDI MACHIN POU MENNEN W LAKAY OU.**

Ou p ap kapab kondi pandan 24 èdtan apre pwozedi w la.

### **AK KISA W DWE TANN OU:**

- Ou pral rankontre ak doktè w la anvan pwozedi w la. Li pral eksplike w pwozedi a epi l pral reponn tout kesyon ou genyen yo.
- Ou pral rankontre ak Espesyalis anestezi a. Li pral verifye antesedan medikal ou ansanm ak ou epi l pral pale ak ou sou kalite anestezi (medikaman ki pral fè w dòmi) ou pral pran an.
- Yo pral mete w kouche sou bò goch ou ak jenou w ki pliye.
- Doktè w la pral itilize lè ak likid pou deplase kolonoskòp la sou tout longè kolon ou pou l chèche nenpòt bagay ki pa nòmal pandan l ap gade ekran videyo a.

### **APRE PWOSEDI OU A**

- Y ap pale ak ou pou fè w konnen enstriksyon egzeyat ou yo oswa y ap fè w konnen yo alekri.
- Tanpri sonje gen anpil moun ki konn santi yo balonnen epi gen kranp lestoma apre yon kolonoskopi. Se yon bagay nòmal epi sa ap kanpe lè w fin rann gaz yo.

### **LÈ W ALE LAKAY:**

- Ou kapab kòmanse pran manje ki lejè yon fwa ou fin egzeyate epi w santi w konfòtab. Kontinye manje yon fason pou w tounen nan rejim nòmal ou. Si doktè w la gen rekòmandasyon pou yon rejim ki pi limite pou yon peryòd tan, l ap di w sa a.
- Ou kapab tounen nan aktivite nòmal ou yo 24 èdtan apre pwozedi ou a

- Pa konsome bwason alkalize, trankilizan, medikaman pou dòmi, oswa nenpòt medikaman san preskripsyon pandan 24 èdtan apre pwosedi w la
- Ou ta dwe gen yon moun ki rete ak ou lakay pandan 24 èdtan.
- Si w te fè yon byopsi, li nòmal pou w gen yon ti senyen tou piti nan rektòm (twou dèyè w). Pa dwe gen plis pase kèk ti gout san epi senyen an dwe sispann nan 24 èdtan.
- Apre yon kolonoskopi, li nòmal pou fason trip yo fonksyone pou pouse pou pou a vin pa nòmal. Sa kapab dire jiska yon semèn apre pwosedi w la.

**Rele 911 si ou ou gen difikilte pou respire nòmalman oswa si gen youn nan sentòm ki pi ba yo ki ta grav oswa ou pa ka jere sa lakay ou.**

**RELE DOKTÈ OSWA ENFIMYÈ OU A SI OU GENYEN:**

- Vomisman ki vin ak san landan l
- Lafyèw ki pi plis pase 101 degre F (38.8 C) nan bouch
- Senyen ann rektòm ou ki tache rad ou epi ki dire plis pase 24 èdtan.
- Likid k ap plede koule epi ki pa janm diminye nan kote yo opere oswa fè egzamen pou ou a
- Tach wouj ki ap pi plis, santiman chalè, po a ki vin di alantou kote yo fè operasyon/pwosedi a
- Tach wouj, anflamasyon, osw alikid k ap koule alantou kote yo pike w la
- Difikilte pou pipi
- Doulè nan Pwatrin - nenpòt santiman fèmen, presyon, malèz, sere, lou, oswa doulè nan yon pwen presi
- Dwèt oswa zòtèy ki pòk, k ap pike oswa ki frèt
- Doulè lestoma ki grav oswa balònman, feblès, oswa pèd koneksyon ki grav
- Anvi vomi oswa vomisman ki grav anpil
- Doulè nan gòj ak difikilte pou vale likid

**Mèsi paske w chwazi Lee Health pou swen sante w yo. Nou ta renmen tande eksperyans ou te gen ak pwofeysonèl swen sante ki te ede nan swen w pandan tan w te fè ak nou a. Ou kapab resevwa yon sondaj satisfaksyon pasyan tou. Nou bay opinyon ou valè epi nou itilize kòmantè yo pou ede n nan kapasite n pou n toujou amelyore sèvis nou yo**